

Tsigira Kunamata Kwechokwadi (Chikamu 2)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 16 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanika pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, wona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



VAKRISTU VECHOKWADI VANOFANIRA KUUDZA VAMWE ZVAVANOTENDA HERE?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vanhu vangati ehe?

Nei vamwe vangati aiwa?

Ko iwe unoti kudii?

Nei uchidaro?

2

ONGORORA ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

VaKristu vechokwadi havakakavadzani nevanhu panyaya yezvavanotenda.

(Ona ndima 13-17 dzechitsauko 16 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga VaKorose 4:6.

Vhesi iyi inoratidza sei kuti tinofanira kutsanangurira vamwe zvatinotenda nekungwarira?

Verenga Mateu 7:12.

Kana vamwe vasingawirirani nezvatinotenda, nei tichingofanira kuramba tichivaremekedza?



Kana muchitamba gemhu yekukandirana bhora, unofanira kurikanda zvakanaka kuti mumwe wako akwanise kurigamha. Saizvozvowo, tinofanira kushandisa unyanzvi pakutsanangurira vamwe zvatinotenda kuti vakwanise kunzwisisa maonero edu

VaKristu vechokwadi vanoungana nevavanonamata navo kuti vadzidze kuti vangakurukura sei zvanotenda nevanhu vanoda kuziva zvakawanda.

(Ona ndima 18-19 dzechitsauko 16 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Pisarema 22:22; VaRoma 1:12; uye VaHebheru 10:24, 25.

Tinobatsirwa sei nekuungana kwatinoita nevamwe vaKristu kuti tinamate?

Verenga Maraki 3:10.

Tinowanei kana tikatsigira kunamata kwechokwadi?

Ndiani *waunoda* kuudza zvaunotenda, uye ungazviita sei nekungwarira?

3

TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Zvapupu zvaJehovha zvinogara zvichiedza kumanikidza vamwe kuti vabvume zvazvinotenda.

UNGANOMUTI . . .

Takasununguka *kutsanangura* zvatinotenda kune vaya vanoda kuzviziva. Asi *hatimanikidzi* munhu kuti achinje zvaanotenda nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Munhu mumwe nemumwe anofanira kungozvisarudzira zvaanoda panyaya dzechitendero, hapana anofanira kuudza vamwe nezvechitendero chake.

UNGANOMUTI . . .

Ndizvo zvinofungwawo nevakawanda mazuva ano. Asi Bhaibheri rinototikurudzira kuudza vamwe zvatinotenda nekuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?
